

ASPEK RELIGIUS SAJRONE NASKAH JAKA SELIWAH (Tintingan Filologi)

SETYONITI KUSUMA DEWI
PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Naskah mujudake asiling pamikiran, rasa pangrasa, lan maneka *informasi* kang anduweni fungsi kang wigati tumrap masyarakat. Naskah kanthi irah-irahan Jaka Seliwah minangka salah sawijining asiling pamikiran lan rasa pangrasa kang ngandharake babagan religius arupa laku religi, lan panembah marang Kang Maha Kuwasa. Naskah kanthi irah-irahan Jaka Seliwah iki kapilih dadi objek panliten amarga basa kang digunakake kanggo medharake isining naskah gampang dimangerteni, isining naskah kang narik kawigaten lan migunani kanggo piwulangan watak, sarta prayoga banget kanggo piwulangan anak putu.

Saka andharan mau, underan sajroning panliten iki yaiku (1) Kepriye dheskripsi naskah Jaka Seliwah?, (2) Kepriye suntingan teks naskah Jaka Seliwah?, (3) Kepriye aspek religius kang diandharake sajroning naskah Jaka Seliwah?. Saka underan panliten mau, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Ngandharake dheskripsi naskah Jaka Seliwah, (2) Ngandharake suntingan teks naskah Jaka Seliwah, (3) Ngandharake aspek religius kang diandharake sajroning naskah Jaka Seliwah. Paedah saka panliten iki diajab bakal (1) Menahi gegambaran isining naskah marang pamaca, supaya luwih nggampangake pamaca anggone mangerteni naskah Jaka Seliwah iki lan bisa nuwuhake pamikirane pamaca ngenani kepriye carane supaya naskah minangka asiling kabudayan jaman biyen aja nganti rusak utawa ilang, (2) Menahi kawruh babagan religius kang anduweni pengaruh tumrap uripe manungsa saben dina.

Panliten iki mujudake panliten naskah lawas kanthi tintingan filologi. Panliten iki kalebu panliten kualitatif kanthi nggunakake metodhe deskriptif analitik. Sumber dhata panliten iki yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan Jaka Seliwah. Dhata kang digunakake yaiku sakabehe tembung-tembung sajroning naskah Jaka Seliwah, mligine tembung-tembung kang nerangake babagan religius. Teknik pangumpulan dhata yaiku kanthi nggunakake teknik kartu dhata lan cathet. Cara panintinge dhata yaiku kanthi nggunakake tintingan filologi *modern*.

Asiling saka panliten iki ngandharake dheskripsi naskah, suntingan teks lan aspek religius sajroning naskah Jaka Seliwah. Naskah Jaka Seliwah dumadi saka 99 lembar, nanging ana rong lembar kang ilang lan salemba kang rangkap loro. Naskah iki ora ana katrangan kang cetha ngenani panulis naskah. Panulis ora nyebutake jenenge utawa biyasa diarani anonim. Naskah Jaka Seliwah iki menahi katrangan wektu panulisan naskah kanthi cetha ana ing bagéyan manggala, yaiku ditulis ing malem Senen Kliwon, jam pitu, tanggal papat, Rabiulakhir, ing taun Ehe. Naskah Jaka Seliwah iki ditulis kanthi aksara Arab Pegon kang dadi salah sawijining ciri naskah pasisir, mula naskah iki kalebu naskah pasisir. Naskah Jaka seliwah iki arupa crita kanthi wujud tembang macapat. Naskah Jaka Seliwah iki nyritakake lelampahane paraga utama kang anduweni jeneng Jaka Seliwah anggone nggolek keadilan marang Allah. Paraga utama diwenahi jeneng Jaka Seliwah amarga warna rupane kang seliwah, yaiku warna klawu lan putih. Andharan sabanjure, yaiku suntingan teks. Suntingan teks ditindakake kanggo mbenerake tembung-tembung kang kliru sajroning naskah. Suntingan teks ing panliten iki nggunakake limang pupuh saka 44 pupuh lan saben pupuh kurang luwih ana 15 tembung kang kliru. Andharan sabanjure, yaiku aspek religius sajroning naskah Jaka Seliwah. Aspek religius sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi telung wujud, yaiku akidah, syariah lan akhlak. Akidah sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi telu, yaiku sipating Allah, ganjaran kang bakal ditrima, lan percaya marang Nabi lan Rasul. Syariah sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi nem, yaiku nindakake shalat, nindakake rukun Islam, nindakake dzakat, ngadohi tumindak ala, mangun bale wisma, lan rasa welas asih. Akhlak sajroning naskah Jaka Seliwah diperang dadi lima, yaiku eling lan percaya marang Allah, narima karsaning Allah, narima ing pandum, sepi ing pamrih, lan ngabekti marang wong tuwa.

Saka andharan analisis kasebut, bisa dimangerteni yen panliten naskah Jaka Seliwah bisa menahi piguna tumrap panliti dhewe lan pamaca. Naskah Jaka Seliwah minangka naskah lawas kang bisa menahi *informasi* tumrap masyarakat. Mula saka iku, naskah lawas minangka asiling kabudayan jaman biyen kudu bisa diramut kanthi bener supaya ora rusak utawa ilang.

PURWAKA

Masyarakat Jawa yaiku peranganing masyarakat Indonesia kang anduweni maneka warna budaya. Salah sawijining wujud budaya ing masyarakat Jawa yaiku sastra. Pangrembakane kasusastran gumantung saka masyarakat panyengkuyunge. Saya luhur peradabaning masyarakat, saya ngrembaka kasusastrane. Sastra mujudake asiling reriptan manungsa kang isine ngenani pamikiran, cipta, rasa lan karsane manungsa. Sastra maujud kanthi basa kang endah, lan ora mung arupa tulisan wae, nanging uga ana isine. Sastra tuwuh ing tengah-tengah masyarakat kang bisa dirasakake lan dimangerteni dening masyarakat, mula saka iku sastra ora bisa uwal saka masyarakat.

Sastra Jawa yaiku *karya* sastra kang tuwuh saka pamikiran, cipta, rasa, lan karsane masyarakat Jawa lan ngrembaka ing tanah Jawa. Miturut Purnomo (2013:92) kasusastran Jawa diperang dadi papat, yaiku sastra Jawa kuna, sastra Jawa tengahan, sastra Jawa anyar, lan sastra Jawa modern. Sastra Jawa kuna tuwuh ing abad X kang ditandhani karo pangrembakane kakawin lan *karya-karya* prosa saka crita India. Sastra Jawa tengahan tuwuh ing pungkasaning abad XV nganti XVI kang ditandhani karo pangrembakane kidung. Sastra Jawa anyar tuwuh ing pertengahan abad XV kang ditandhani karo pangrembakane tembang macapat. Sastra Jawa modern tuwuh ing abad XX kang ditandhani karo anane pengaruh saka unsur *estetika barat* sajroning reriptan *karya* sastra (Purnomo, 2013:92).

Sastra Jawa minangka *karya* kang asale saka manungsa, diripta kanggo manungsa, lan ngrembug ngenani manungsa, mligine manungsa Jawa kang ana gegayutane karo telung *aspek*, yaiku religius, sosial, lan personal (Rahmanto, 1979 sajrone Purnomo, 2011:2). *Aspek* religius ngenani *karya* sastra kang wujud arupa mantra, dedonga, lan panembah marang kang Maha Kuwasa, sarta sakabehe crita kang ana gegayutane karo mitologis utawa mistis religius. *Aspek* sosial ngenani *karya* sastra kang ana gegayutane karo sawijining *individu* minangka bageyan saka masyarakat. *Aspek* personal ngenani upayane pangripta kanggo nggoleki jati dhiri manungsa minangka manungsa kang ideal, lan manungsa sampurna kang dikarepake (Purnomo, 2011:2-4).

Salah sawijining reriptan *karya* sastra kang ngemot *aspek* religius yaiku naskah Jaka Seliwah. Naskah Jaka Seliwah ngemot babagan laku religius kang arupa laku religi, lan panembah marang kang Maha Kuwasa. Religiusitas iku sejatine ana ing sandhuwure agama, utawa kanthi ukara liya, religiusitas iku luwih jeru tinimbang agama kang katon *formal* lan luwih nengenake tafsiran harfiah tinimbang rasa welas asih (Mangunwijaya, 1982:16). Religiusitas bisa ditegesi kualitas anggone manungsa manembah marang Gusti kang Maha

Kuwasa kang cundhuk karo agama kang dinut saben *individu* manungsa. Isining naskah Jaka Seliwah iki bisa dadi tuntunan tumrap manungsa anggone tumindak ing ngalam donya. Ora mung iku wae, naskah Jaka Seliwah iki uga ngemot apa-apa kang kudu dilakoni dening manungsa minangka kawulaning Gusti, lan apa-apa kang kudu didohi dening manungsa.

Naskah Jaka Seliwah iki arupa crita kang wujud tembang lan ditulis nganggo aksara Arab Pegon. Basa sajroning naskah Jaka Seliwah iki nganggo basa Jawa anyar, lan ana ing perangan tartamtu kacampuran tembung Melayu, tembung Kawi lan tembung Arab. Basa anduweni fungsi kang wigati tumrap *karya* sastra. Basa minangka sarana kanggo medharake isining naskah marang pamaca. *Karya* sastra ora bisa uwal saka basa, amarga kaendahane *karya* sastra iku disebabake dening kaprigelane panulis anggone ngolah basa saengga bisa nuwuhake kekuwatan lan kaendahan (Semi, 1993:81)

Naskah Jaka Seliwah kapilih dadi objek panliten amarga basa kang digunakake kanggo medharake isining naskah gampang dimangerteni, isining naskah kang narik kawigaten lan migunani kanggo piwulangan watak, sarta prayoga banget kanggo piwulangan anak putu, mula bakal diteliti kanthi tintingan filologi. Filologi minangka ilmu kang gegayutan karo *karya* jaman biyen kang arupa tulisan (Baried dkk, 1994:1). Panliten ngenani *karya* tulis jaman biyen ditindakake amarga anane pamawas yen tulisan kasebut ngemot nilai-nilai kang isih bisa ditampa ing urip bebrayan jaman saiki. *Karya* tulis jaman biyen dianggep bisa menehi *informasi* ngenani pamikir, rasa pangrasa, lan maneka urip bebrayan kang nate ana.

Gayutan karo andharan mau, underaning panliten iki, yaiku (1) Kepriye dheskripsi naskah Jaka Seliwah?, (2) Kepriye suntingan teks naskah Jaka Seliwah?, (3) Kepriye aspek religius kang diandharake sajroning naskah Jaka Seliwah?. Saka underan panliten mau, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) Ngandharake dheskripsi naskah Jaka Seliwah, (2) Ngandharake suntingan teks naskah Jaka Seliwah, (3) Ngandharake aspek religius kang diandharake sajroning naskah Jaka Seliwah. Paedah saka panliten iki diajab bakal bisa (1) Menehi gegambaran isining naskah marang pamaca, supaya luwih nggampangake pamaca anggone mangerteni naskah Jaka Seliwah iki lan bisa nuwuhake pamikirane pamaca ngenani kepriye carane supaya naskah minangka asiling kabudayan jaman biyen aja nganti rusak utawa ilang, (2) Menehi kawruh babagan religius kang anduweni pengaruh tumrap uripe manungsa saben dina.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep Filologi

Baried (1994:2-3) ngandharake tegese filologi ana gegayutan karo rong *aspek*, yaiku tegese filologi saka *segi etimologi* lan tegese filologi saka *segi istilah*. Filologi asale saka basa Yunani, saka tembung “*philos*” lan “*logos*”. *Philos* tegese “tresna” lan *logos* tegese “tembung”. Filologi saka *segi etimologi* yaiku tresna marang tembung. Saka andharan mau, bisa ditegesi filologi yaiku tresna marang tetembungan utawa tulisan kang anduweni nilai, kaya *karya* sastra kang asipat kuna.

Subandiyah (2007:5) uga ngandharake filologi yaiku ilmu kang objek panlitene arupa naskah-naskah lan teks-teks klasik/kuna. Panliten ngenani naskah ditindakake amarga anane pamawas yen naskah bisa menehi *informasi* ngenani maneka urip bebrayan kang nate ana. Kajaba kuwi, isining naskah uga minangka *dokumen* kang ngemot pamikir, rasa pangrasa, lan *pengetahuan* bangsa (Ekadjati, 1988 sajrone Subandiyah, 2007:3).

Laire filologi dilandhesi karo maneka faktor, ing antarane: 1) Anane *informasi* ngenani jaman biyen sajroning reriptan *karya* tulis, 2) Pamawas anane nilai-nilai kang ana sajroning tulisan jaman biyen kang isih *relevan* karo urip bebrayan jaman saiki, 3) Kahanan fisik kang disebabake anane wektu, 4) Faktor sosial budaya kang dadi lelandhesaning reriptan *karya-karya* tulisan jaman biyen kang ora padha karo lelandhesaning sosial budaya pamaca jaman saiki, 5) Apa-apa sing diperlokake kanggo mikolehi kasil pangerten kang bener (Baried, 1994:2). Faktor siji lan sijine anduweni gegayutan tumrap laire filologi. Filologi tuwuh lan ngrembaka merlokake *proses* lan wektu, saengga bisa dadi *studi* filologi kang bisa digunakake dening masyarakat ing jaman saiki.

Panliten ngenani filologi anduweni tujuwan tartamtu, ing antarane: 1) Suntingan teks minangka cara kang trep kanggo nganalisis teks asline, 2) Ngandharake sejarah anane teks lan sejarah pangrembakane, 3) Ngandharake *resepsi* pamaca (Baried, 1994:6). Purnomo (2007:12) ngandharake tujuwan filologi, yaiku 1) Mangerteni kabudayane manungsa saka karya sastra kang nate ana, 2) Mangerteni makna lan fungsi naskah, 3) Ngandharake nilai-nilai budaya kuna minangka salah sawijining pangrembakan kabudayan *kontemporer*. *Studi* filologi ndadekake naskah lan teks sastra minangka objek panliten, mula ing perangan sabanjure bakal ngandharake naskah lan teks, sarta sakabehe kang ana gegayutan karo *studi* filologi.

Naskah lan Teks

Objek panliten filologi yaiku tulisan tangan kang ngemot maneka pamikir, lan rasa pangrasa minangka asiling budaya bangsa jaman biyen. Sakabehe bahan tulisan tangan bisa diarani naskah. Miturut Suryani (2012:47) naskah yaiku sakabehe kang wujud *konkret* lan bisa dideleng lan dicekel. Teks yaiku isining naskah kang sipate *abstrak* lan

mung bisa diangen-angen wae. Teks isine ngenani *ide-ide* utawa amanat kang arep diandharake pangripta marang pamaca.

Subandiyah (2007: 55-56) uga ngandharake, naskah ing basa latin diarani *codex* (bahan tulisan tangan), mula saka iku kang dadi objek filologi yaiku naskah kang ditulis tangan. Naskah yaiku wujud fisik/*konkret* kang bisa dideleng lan dicekel, sarta ngemot budaya kang bisa diungkapake dening teks-teks klasik. Wujud fisik naskah bisa arupa lontar, daluwang, kulit kayu, rotan. Teks mujudake samubarang kang *abstrak*, yaiku isining naskah kang ngemot *ide* lan amanat. Dadi naskah minangka wujud fisike, lan teks minangka isining naskah.

Purnomo (2007:29) merang naskah dadi telulas jinis, yaiku naskah epik kaprawiran, naskah histografi tradhisional, naskah basa, naskah genealogi manungsa lan raja-raja, naskah filsafat lan ffolklor, naskah religi-agama, naskah mistik, naskah etik lan didaktis, naskah ngenani tata aturan norma ukum, naskah obat-obatan, naskah palintangan, naskah nujum utawa pajangka, lan naskah arsitektur tradhisional.

Dheskripsi Naskah

Subandiyah (2007:85) ngandharake babagan kang ditulis sajroning dheskripsi naskah, yaiku: 1) irah-irahan naskah, 2) nomer naskah, 3) ukuran naskah, 4) bahan naskah, 5) ukuran teks, 6) wujud lan jinis aksara, 6) isining teks, 7) cacah kaca saben sakaca, 8) cacah gatra, 9) kolofon, 10) pangripta teks asli utawa salinan. Apa kang diandharake dening Subandiyah ngenani dheskripsi naskah ing ndhuwur, meh padha karo andharan saka Purnomo. Purnomo (2007:33-34) ngandharake babagan kang kudu ditulis sajroning dheskripsi naskah, yaiku: 1) panggon kanggo nyimpen naskah, 2) nomer kang ditulis kanthi jangkep, 3) panulis, 4) bahan naskah, 5) ukuran naskah, 6) cacah kaca, 7) cacah gatra saben sakaca, 8) jinis tulisan naskah, 9) kahanane tulisan, lan 10) kahanan naskah arupa umur naskah sarta kahanan fisik naskah.

Transliterasi

Transliterasi yaiku ngganti jinis tulisan kanthi sakabehane, aksara baka aksara lan saka abjad siji menyang abjad liyane (Purnomo, 2007:35). Transliterasi kerep dipadhake karo *istilah* liya, yaiku transkripsi. Transkripsi yaiku ngganti utawa nyalin teks kanthi ngowahi ejaan naskah marang ejaan liyane. Bedane transliterasi karo transkripsi yaiku transliterasi ngganti utawa nyalin teks cundhuk karo ejaan kang bener (EYD), yen transkripsi ngganti utawa nyalin teks kanthi apa anane kang ana sajroning naskah, ora cundhuk karo ejaan kang bener. Tujuwan ditindakake transliterasi naskah lawas yaiku ngenalake teks-teks lawas kang sumimpen sajroning tulisan kang wus ora dikenal maneh karo masyarakat jaman saiki. Ananing pambada sistim tulisan naskah karo sistim kang ana sajroning basa anyar kang wus dimangerteni dening masyarakat, mula diperlokake *pedoman* kang luwih mligi kanggo dhasar sesalinan.

Konsep Suntingan Teks

Suntingan anduweni teges asiling nyunting, yaiku nyepakake naskah kang wus bisa dicetak utawa diterbitake kanthi nggatekake segi *sistematika penyajian*, isi lan basane (Purnomo, 2007:19). Trap-trapane nindakake suntingan naskah, ing antarane inventarisasi naskah, dheskripsi naskah, transliterasi, mbandhingake/*komparasi*, nyisihake/*eliminasi*, lan ngujekake/*eksaminasi*.

Subandiyah (2007:98-99) mbedakake suntingan teks dadi loro, yaiku suntingan naskah tunggal lan suntingan naskah jamak. Suntingan naskah tunggal ditindakake kanthi rong metodhe, yaiku metodhe standar lan metodhe diplomatik. Metodhe standar digunakake sajroning suntingan naskah tunggal nalika isining naskah dianggep crita kang biyasa, dudu crita kang dianggep suci utawa sakral. Metodhe iki ditindakake kanthi mbenerake kekliruan teks sajroning transliterasi naskah. Metodhe diplomatik digunakake sajroning suntingan naskah tunggal nalika isining crita sajroning naskah iku dianggep suci utawa sakral. Metodhe iki ditindakake kanthi nerbitake transliterasi naskah kang apa anane tanpa diowahi.

Suntingan naskah jamak ditindakake kanthi rong metodhe, yaiku metodhe landhesan lan metodhe *gabungan*. Metodhe landhesan ditindakake nalika ana salah sawijining naskah kang kualitase luwih unggul, tinimbang naskah-naskah liyane kang saemper. Metodhe *gabungan* ditindakake nalika pambada antarane naskah siji lan naskah liyane ora sepira gedhe (Subandiyah, 2007:98).

Konsep Masyarakat Jawa

Masyarakat Jawa yaiku *penduduk* asli bageyan tengah lan timur *pulau* Jawa kang basa ibune nggunakake basa Jawa (Magnis, 2003:11). Masyarakat Jawa dibedakake saka kelompok-kelompok etnis liya ing Indonesia saka landhesan sejarah kang beda, saka basa lan kabudayane. Kabudayan Jawa mujudake kabudayan kang diduweni masyarakat Jawa, asale saka masyarakat Jawa, lan minangka *ekspresi* masyarakat Jawa, kang anduweni fungsi tartamtu tumrap masyarakat Jawa (Purnomo, 2011: 21). Dhaerah kabudayan Jawa dewe dibedakake antara para *penduduk* pesisir utara kang pengaruh Islam luwih kuwat ngasilake kabudayan Jawa kang anduweni ciri khas, yaiku kabudayan pesisir, lan dhaerah-dhaerah Jawa *pedalaman* kang anduweni pusat budaya ing kutha-kutha kraton Surakarta lan Yogyakarta. Kabudayan Jawa kang ana ing pusat kraton Surakarta lan Yogyakarta ngasilake *karya* sastra awujud syair, Hikayat, kitab piwulangan watak kayata kitab Nitisastra, kitab Astabrata, lan kitab Nitisuri.

Miturut masyarakat Jawa dhewe, kabudayan Jawa dibedakake miturut adoh cedhake dhaerah saka pusat kraton (Yogyakarta lan Surakarta). Kabudayan Jawa kang ana ing pusat kraton (Negarigung) ditandhani karo kesenian kang ngrembaka lan keagamaan kang *sinkretis* utawa campuran saka unsur agama Hindu, Budha, lan Islam. Masyarakat

Jawa uga anduweni kabudayan Banyumas, dhaerah bageyan kulon kabudayan Jawa, kabudayan Pasisir, lan kabudayan Mancanegari (Koentjaraningrat, 2000:25-29). Urutan wilayah saka pusat nganti dhaerah yaiku 1) kraton raja minangka pusat kraton lan dumunung ing pusat kutha, kang biyasa diarani wilayah Kutaneegara, 2) wilayah kang ana ing sakiwa tengene Kutaneegara kang diarani wilayah Negari Agung. Wilayah iki diperang dadi patang bageyan, yaiku dhaerah-dhaerah Kedu, Siti Ageng (Bumi Gedhe), Bagelen, lan Pajang. Wilayah kang ana sanjabane Negari Agung, nanging ora kalebu dhaerah pantai, diarani wilayah Mancanegara. Wilayah iki ing antarane Jawa Tengah kang diarani Mancanegara Wetan lan Jawa Timur kang diarani Mancanegara Kilen. Wilayah keraton kang dumunung ing pantai utara diarani wilayah Pasisiran (Kartodirdjo, 1997 sajrone Mufid, 2006:12-13). Wilayah iki diperang dadi rong bageyan, yaiku dhaerah pesisir timur (Pasisiran Wetan), lan pesisir barat (Pasisiran Kilen).

Pangrembakane basa lan sastra Jawa pasisiran ora bisa uwal saka pangrembakane kabudayan pasisir. Kabudayan pasisir yaiku kabudayan Jawa kang tuwuh lan ngrembaka ing dhaerah pasisir utawa pantai utara Jawa (Purnomo, 2011:21). Kabudayan iki ing antarane dhaerah-dhaerah saka Indramayu-Cirebon bageyan kulon, nganti dhaerah Gresik bageyan wetan. Pigeud (sajrone Purnomo, 2011:21) merang telung kelompok kabudayan pasisir lan dhaerah-dhaerahe, yaiku 1) kelompok kulon kanthi pusat kutha Cirebon lan Banten, lan dhaerahe Jawa Barat, sarta dhaerah Lampung ing Sumatra bageyan kidul, 2) kelompok tengah ing antarane kutha-kutha Demak, Jepara, Kudus, lan kutha Banjarmasin ing Kalimantan bageyan kidul, 3) kelompok wetan ing antarane Gresik, lan Tuban. Akeh-akehe masyarakat ing dhaerah iki nganut agama Islam kanthi prayoga banget. Purnomo (2011:23) ngandharake yen awit abad XV, dhaerah pasisir wetan Jawa kayata Gresik, Tuban, Jepara, Demak, Cirebon, lan Banten wus dadi panggon utama pangrembakane agama Islam ing tanah Jawa lan tuwuhe pusat-pusat religi kang saiki diarani pondhok pesantren.

Dhaerah-dhaerah pasisir wetan kasebut dadi panggon tuwuhe serat-serat primbon, wirid, lan suluk. Kabudayan pasisir mujudake seni crita kang diarani seni kentrung. Koentjaraningrat (sajrone Purnomo, 2011: 25) ngandharake seni kentrung ing dhaerah pasisir wetan iku luwih nengenake crita-crita Menak lan crita-crita nabi. Kabudayan pasisir kang awujud naskah luwih nengenake naskah-naskah ngenani nabi, kayata Serat Ambiya, Serat Yusuf, Serat Abdul Kadir Jailani, lan crita-crita asli Jawa, kayata Serat Dhamarwulan, Serat Rama, Layang Mursada, sarta maneka *karya* suluk kang sakabehe iku saka tradhisi pasisiran (Purnomo, 2011:25). Naskah Jaka Seliwah kang dadi objek panliten iki kalebu salah sawijining *karya* kabudayan pasisir awujud naskah.

Ritus religius masyarakat Jawa, mligine masyarakat Jawa ing dhaerah Banyumas lan Pesisir yaiku nindakake ngibadah agama kang cundhuk karo rukun islam kang lima, yaiku syahadat, shalat, pasa, zakat, lan haji. Upacara-upacara *individual* lan sosial kang ditindakake dening masyarakat Jawa Pesisir isih nggunakake “slametan”. Bedane ana ing isining upacara kasebut kang wus dicundhukake karo kapitayan (aqidah) Islam.

Masyarakat Jawa mbedakake rong *golongan* sosial, yaiku: 1) Wong cilik kang akeh-akehe saka petani lan kang drajate asor ing kutha, 2) *Kaum* priyayi kang akeh-akehe saka *kaum* pegawe lan wong-wong *intelektual* (Magnis, 2003:12). *Golongan* kang kapisan, cara uripe luwih ditemtokake saka tradisi-tradisi Jawa pra-Islam. *Golongan* iki bisa diarani Jawa Kejawen. *Golongan* kang kapindho, mangerteni dhiri minangka wong Islam lan ngupaya urip miturut ajaran Islam.

Ritus religius masyarakat Jawa, mligine Jawa Kejawen yaiku kapitayan marang roh-roh kang ora katon, kang bisa ndadekake cilaka utawa lelara tumrap manungsa yen roh-roh mau digawe murka. Masyarakat Jawa percaya roh-roh leluhur bisa menehi *tuntunan* tumrap manungsa, saengga nuwuhake rasa religi kang kuwat. Salah sawijining cara masyarakat Jawa supaya bisa antuk berkah saka roh-roh leluhur yaiku menehi sesajen kang arupa sega lan panganan liya, kembang, sarta kemenyan (Magnis, 2003:13-14).

Konsep Religius

Religius yaiku tumindak-tumindak kang dilakoni dening manungsa minangka kawulaning Gusti. Laku religius kayata mbungkuk minangka ekspresi bakti nalika manembah marang Gusti, ngibadah ana ing panggon kanggo ngibadah, kabeh solah bawane manungsa minangka makhluk kang nganut salah sawijining agama, yaiku agama Islam, Kristen, Yahudi, lan agama-agama liyane (Mangunwijaya, 1982:12). Tumindak religius iku ora mung percaya yen Gusti iku “ana” lan ora mung anggone nganut salah sawijining agama kang *formal*, nanging uga nindakake apa-apa kang dadi parentahe Gusti kang diwujudake ana ing solah bawane kaya kang wus diandharake ana ing ndhuwur mau.

Saryono (2011:39) mbedakake patang karakteristik idealistis nilai budaya Jawa kanthi dimensional, yaiku 1) nilai religius Jawa, ing antarane nilai keslametan lan nilai kasampurnan, 2) nilai filosofis Jawa, ing antarane nilai kamapanan, nilai kasalarasan, lan nilai guyub rukun, 3) nilai etis Jawa, ing antarane nilai kawicaksanan lan nilai welas asih, 4) nilai estetis Jawa, ing antarane nilai unggah-ungguh lan nilai kendahan. Jinis-jinis nilai kasebut ora bisa dipisahake antara siji lan sijine lan anduweni gegayutan antara siji lan sijine. Nilai religius Jawa yaiku nilai kudus kang ana gegayutane karo “sangkan paran” manungsa Jawa. Sangkan paraning urip tegese Gusti dadi paran utawa tujuwan uripe manungsa Jawa. Konsep iki

mertandhani yen nilai religius Jawa iku ana gegayutane karo *kebergantungan* sejatining manungsa Jawa marang Gusti (Saryono, 2011:43).

Nilai religius Jawa ora bisa uwal saka nilai keslametan lan nilai kasampurnan. Saryono (2011:71) merang ragam nilai kasebut dadi subragam nilai, yaiku 1) nilai keslametan, ing antarane nilai ketauhidan, nilai keimanan, lan nilai taqwa, 2) nilai kasampurnan, ing antarane nilai utama, nilai utuh, nilai waskitha, lan nilai lila utawa ora pamrih. Nilai-nilai kasebut ora bisa dipisahake antara siji lan sijine lan anduweni gegayutan antara siji lan sijine.

Aspek religius sajroning *karya* sastra bisa diperang dadi telung wujud, yaiku akidah, syariah, lan akhlak. Hassan Al-Bana (sajrone Azra dkk. 2002:122) nglompokake akidah dadi papat, yaiku 1) *ilahiah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo Gusti Kang Maha Kuwasa, kayata wujud Allah lan sipating Allah, 2) *nubuwwah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo nabi lan rasul, 3) *ruhaniah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo ngalam *metafisik*, kayata malaikat, jin, iblis lan ruh, 4) *sam'iyah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo dalil naqli, kayata alam barzakh, lan ganjaran kang bakal ditampa ing ngalam kubur.

Hamidin (2002:129) merang syariah dadi limang perkara, yaiku 1) ngibadah, yaiku sakabehe tumindak kang ditindakake marang Allah, ing antarane rukun Islam lan ngibadah liya kang ana gegayutane karo rukun Islam, 2) *muamalah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo manungsa liya, 3) *munakahat*, yaiku sakabehe kang ana gegayutan karo kulawarga, kayata mangun bale wisma, 4) *jinayat*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo tumindak kang ora cundhuk karo syariat, kayata zina, num-inuman, memaling, mateni wong liya, 5) *siyasah*, yaiku sakabehe kang ana gegayutane karo urip bebrayan, kayata tulung tinulung, keadilan, lan tanggungjawab. Miturut azra (2002:205) akhlak bisa diperang dadi telu, ing antarane 1) akhlak marang Allah, kayata ngibadah marang Allah, dedonga, dzikir, lan pasrah marang karsaning Allah, 2) akhlak marang manungsa, kayata tansah memuji marang Allah, tumindak kang becik, ngabekti marang wong tuwa, 3) akhlak marang masyarakat.

Atmosuwito (sajrone Rumi) ngandharake ciri-cirining religius sajroning *karya* sastra, yaiku 1) pasrah lan ngabekti marang Gusti Kang Maha Kuwasa, 2) urip mulya, 3) pangrasane batin kang ana gegayutane karo Allah, 4) rumangsa anduweni dusa, 5) rasa wedi, 6) ngakoni marang kakuwasane Allah. Sakabehe ciri kasebut ora bisa dipisahake lan anduweni gegayutan antara siji lan sijine. Religius iku ana sambung rakete karo manungsa, ngalam, lan Gustine.

Lelandhesaning Teori

Lelandhesaning teori iki digunakake kanggo ngonceki sakabehe perkara sajroning panliten naskah Jaka Seliwah iki. Isining naskah Jaka Seliwah iki ngandharake babagan laku religius,

kayata shalat, shodakoh, dedonga, lan syariat-syariat agama. Religius yaiku tumindak-tumindak kang dilakoni dening manungsa minangka kawulaning Gusti. Religius iku ora mung percaya yen Gusti iku “ana” lan ora mung anggone nganut salah sawijining agama kang *formal*, nanging uga nindakake apa-apa kang dadi parentahe Gusti.

Aspek religius minangka *aspek* kang paling onja sajroning naskah Jaka Seliwah iki, mula bakal nggunakake teori *aspek* religius kang trep kanggo ngonceki aspek religius sajrone panliten iki. *Aspek* religius sajroning *karya* sastra bisa diperang dadi telung wujud, yaiku akidah, syariah, lan akhlak.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten Jaka Seliwah iki yen diwawas saka objek panlitene, yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan Jaka Seliwah kalebu panliten kualitatif. Bogdan lan Taylor (sajrone Moleong, 2012:4) ngandharake panliten kualitatif yaiku panliten kang ditindakake kanggo ngasilake dhata deskriptif wujud tembung-tembung tinulis utawa lisan saka manungsa lan salah bawane kang bisa dideleng. Panliten kualitatif sajrone naskah Jawa Pasisiran iki bakal diandharake kanthi metodhe deskriptif analitik kanthi tintingan filologi *modern*.

Metodhe yaiku cara *sistematis* sajroning nindakake panliten kang anduweni tujuwan kanggo nggoleki *fakta* saka salah sawijining perkara. Metodhe deskriptif analitik dilakoni kanthi cara ndheskripsikake, kang anduweni tujuwan kanggo nemokake unsur-unsure, banjur dianalisis lan dibandingake (Ratna, 2004:53). Metodhe deskriptif yaiku cara utawa teknik kang dilakoni kanggo ngandharake perkara saengga bisa dianalisis lan didudut kanthi cetha.

Sajroning panliten filologi, aparat kritik ditindakake kanggo ngasilake sawenehing terbitan teks utawa edisi ilmiah teks. Edisi ilmiah teks ing filologi *modern* tumrap *studi* naskah tunggal bisa ditindakake kanthi rong cara, yaiku edisi *diplomatis* lan edisi kritis/*standar*. Edisi *diplomatis* yaiku edisi transliterasi naskah kang apa anane, ora diowahi lan ora diwenahi cathetan tumrap naskah. Edisi *standar* edisi transliterasi kanthi cara mbenerake kekliruan, ndadekake ejaan naskah cundhuk karo ketentuan kang wus ana. Panliten naskah Jaka Seliwah iki bakal nggunakake edisi *diplomatis*.

Objek Panliten

Objek kang digunakake sajroning panliten iki arupa naskah lan teks lawas kanthi irah-irahan Jaka Seliwah. Naskah iki bakal nintingi sakabehane perangan sajroning naskah Jaka Seliwah. Andharan kang ditengenake sajroning panliten iki ngenani aspek religius sajroning naskah Jaka Seliwah.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata ing panliten iki yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan Jaka Seliwah. Naskah iki arupa crita kang wujud tembang lan ditulis

nganggo aksara Arab Pegon. Basa sajroning naskah Jaka Seliwah iki nganggo basa Jawa anyar, lan ana ing perangan tartamtu kacampuran tembung Melayu, tembung Kawi lan tembung Arab.

Dhata mujudake sawenehing bahan kang bakal ditintingi. Dhata sajroning panliten iki yaiku arupa sakabehane tembung-tembung sajroning naskah Jaka Seliwah, mligine tembung-tembung kang nerangake babagan laku religius.

Teknik Pangumpuling Dhata

Teknik pangumpuling dhata mujudake sawenehing cara kanggo ngasilake dhata-dhata kang dibutuhake sajrone panliten. Proses pangumpulan dhata sajrone panliten kualitatif, ora bisa dipisahake karo proses analisis (Purnomo, 2013:135). Panliten naskah Jaka Seliwah iki kang dadi instrumen panliten yaiku panliti. Pangumpuling dhata sajrone panliten iki ditindakake kanthi teknik kartu dhata lan cathet. Teknik kartu ditrapake kanthi nggawe cathetan tumrap *ide-ide* kang kapethik saka saperangan buku. Panganggone teknik kartu anduweni tujuwan supaya nggampangake anggone ngasilake lan nyimpen *informasi* saka bahan wacan kang ora bisa dieling yen ora dicathet. Pangetrapane teknik kartu kasebut kanthi cara nggawe kertas kanthi ukuran 10 x 15 cm tumrap cathetan, lan kertas ukuran 5 x 15 cm kanggo nyiapake daftar pustaka. Panulisane *ide-ide*, konsep ing bageyan ndhuwur dhewe, dene jenenge panulis ditulis ing sangisore panulisan *ide* lan konsep mau. Kajaba kuwi, kanggo nggolongake lan ngolah saben-saben prakara, digunakake piranti saka kertas telung warna kang beda, kayata abang, kuning, ijo. Sabanjure menahi tandha tartamtu sajroning kertas mau. Teknik cathet ditindakake kanthi nggunakake buku kang ana gegayutane karo irah-irahan lan perkara kang ana sajroning panliten iki.

Tatacara Panintinge Dhata

Panliten iki nggunakake teknik dheskriptif kanthi tintingan filologi *modern*, yaiku nggunakake salah sawijining naskah kanggo diteliti tanpa mbandhingake klawan naskah liyane kang padha. Tumindak kang kudu ditindakake nalika nintingi dhata miturut Purnomo (2013:137), yaiku: 1) Naskah ditintingi kanthi ngandharake *karakteristik* fisike, yaiku bahan naskah, asal naskah, kahanan lan kekuwatan fisike, umur naskah, *karakteristik* tulisan naskah, struktur teks, sarta maneka *aspek* liya kang migunani kanggo upaya *pemahaman* lan *penafsiran* marang makna teks kang kinandhut. Naskah Jaka Seliwah iki bakal ditintingi kanthi ngandharake *karakteristik* fisik naskah Jaka Seliwah, 2) Naskah ditintingi kanthi ngandharake *aspek* kabasan naskah kang digunakake panulis kanggo *ekspresi karya* sastra. Basa sajroning naskah Jaka Seliwah iki nganggo basa Jawa anyar, lan ana ing perangan tartamtu kacampuran tembung Melayu, tembung Kawi lan tembung Arab, 3) Naskah ditintingi kanthi ngandharake sastra kang ditrapake marang objek panliten kang hakikate minangka *telaah tekstual* kang njangkepi *telaah* sadurunge. Naskah Jaka

Seliwah ditinting kanthi ngandharake sastra kang diwujudake kanthi andharan *aspek* religius sajroning naskah Jaka Seliwah minangka objek panliten.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Dheskripsi Naskah lan Suntingan Teks, Aspek Religius Sajroning Naskah Jaka Seliwah

Dheskripsi Naskah

Dheskripsi naskah yaiku ngandharake panggon kanggo nyimpen naskah, nomor kang ditulis kanthi jangkep, panulis, bahan naskah, ukuran naskah, cacah kaca, cacah gatra ing saben kaca, jinis tulisan, kahanane tulisan, lan kahanan naskah arupa umur naskah sarta kahanan fisik naskah (Purnomo, 2007:20). Dheskripsi naskah ing panliten iki ora mung ngandharake wujud fisike naskah wae, nanging uga ngandharake isining naskah Jaka Seliwah. Dheskripsi fisike naskah Jaka Seliwah iki, ing antarane irah-irahan naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, ukuran lan cacah kaca, kahanan fisike naskah, jinis tulisan naskah, basane naskah lan wujud naskah. Supaya luwih nggampangake pamaca anggoné mangerteni dheskripsi fisik naskah lan isining naskah Jaka Seliwah, mula ing kene bakal diandharake kanthi luwih cetha maneh.

Irah-irahan Naskah

Purnomo (2013:163) ngandharake ora kabeh naskah lawas medharake irah-irahan naskah sajroning teks kang sumimpen. Irah-irahane naskah bisa ditemtokake dening pamaca adhedhasar manggala utawa kolofon naskah. Irah-irahane naskah kang dadi objek panliten iki bisa ditemtokake adhedhasar manggala naskah. Naskah kanthi irah-irahan Jaka Seliwah iki asale saka jenenge paraga utama kang dicritakake sajroning naskah, yaiku Jaka Seliwah, kaya pethikan naskah:

“Wontên carita kang winarni nêgari ing purwakandha, gadhah putêra mung sawiyos, kang nama jaka sêliwah, amargi ing rupanira, kang sisih rupi ajamus, kang sêpalih rupi apêthak”. (Pupuh 1:7)

Jaka Seliwah minangka paraga utama sajroning naskah iki. Jaka Seliwah asale saka tembung jaka lan seliwah. Jaka kang anduweni teges bocah lanang lan Seliwah kang anduweni teges mung siji utawa sesilih. Paraga utama diwenahi jeneng Jaka Seliwah amarga rupane kang anduweni warna sisih, yaiku klawu lan putih. Miturut jenenge paraga utama yaiku Jaka Seliwah, mula naskah iki diwenahi irah-irahan naskah Jaka Seliwah.

Panulis lan Wektu Panulisan

Panulis lan wektu panulisan naskah bisa ditemokake dening pamaca ing bageyan manggala utawa kolofon naskah. Manggala yaiku bageyan bebukaning naskah kang arupa puji-pujian. Kolofon yaiku bageyan pungkasaning naskah kang arupa cathetan. Naskah kang dadi objek panliten iki ora ana katrangan kang cetha ngenani panulis. Sajroning naskah Jaka Seliwah iki, panulis ora nyebutake

jenenge utawa biyasa diarani *anonim*. Beda karo katrangan wektu panulisan naskah.

Naskah Jaka Seliwah iki menehi katrangan wektu panulisan naskah kanthi cetha ana ing bageyan manggala. Naskah Jaka Seliwah iki ditulis ing malem Senen Kliwon, jam pitu, tanggal papat, Rabiulakhir, ing taun Ehe.

Ukuran lan Cacah Kaca

Cacah kaca naskah Jaka Seliwah iki ana 99 lembar, nanging ana rong lembar kang ilang lan salembar maneh kang rangkap loro. Cacah larik saben kaca, yaiku bageyan bebukaning naskah nganti kaca 1 ana 10 larik, kaca 2 nganti 98 ana 18 larik, lan bageyan pungkasaning naskah ana 13 larik. Ukuran naskah, yaiku 34 x 21,5 cm.

Kahanan Fisike Naskah

Naskah Jaka Seliwah iki kahanan fisike isih apik lan ora ana kang rusak, nanging ora jangkep. Naskah iki ora jangkep amarga ana rong lembar kang ilang, yaiku kaca 67 lan 69. Naskah iki diwenahi samak karton warna ijo. Warna daluwang sajroning naskah iki owah dadi soklat rada manguning. Owahing warna daluwang mau mertandhani yen naskah Jaka Seliwah iki kalebu naskah kang wus lawas.

Jinis Tulisan Naskah

Naskah Jaka Seliwah iki ditulis kanthi aksara Arab Pegon. Arab Pegon yaiku basa Jawa kang ditulis kanthi Arab. Salah sawijining ciri naskah pasisir, yaiku biyasane ditulis kanthi aksara Arab Pegon. Purnomo (2007:26) ngandharake yen ora kabeh naskah Jawa kanthi aksara Arab Pegon iku kalebu sastra pasisir. Naskah klasik uga ana kang nganggo aksara Arab Pegon anggoné reriptan *karya* sastra kang asipat keislaman, kaya Serat Menak.

Kahanan tulisan sajroning naskah Jaka Seliwah iki isih bisa kawaca kanthi cetha. Tulisan sajroning naskah Jaka Seliwah iki ditulis nganggo mangsi ireng lan tulisane yen kena banyu gampang mbabar. Perangan bebukaning naskah ana ukiran kembang, lan awit kaca 2 nganti pungkasaning naskah ana rong garis pinggir ing sapinggire naskah kanggo menehi wewatesan aksarane.

Basane Naskah

Basa anduweni fungsi kang wigati tumrap *karya* sastra, yaiku minangka sarana kanggo medharake isining *karya* sastra marang pamaca. *Karya* sastra Jawa pasisir diandharake kanthi basa Jawa lan ing perangan tartamtu nggunakake istilah utawa idhiom-idhiom pasisir. Idhiom-idhiom kasebut asipat dialektik, biyasane asale saka basa Melayu lan basa Arab kang kadhangkala ngalami owah-owahing teges (Purnomo, 2011:109). Naskah Jaka Seliwah iki nganggo basa Jawa anyar kanggo medharake isining naskah, lan ana ing perangan tartamtu kacampuran tembung Melayu, tembung Kawi, lan tembung Arab.

Wujud Naskah

Naskah Jaka Seliwah iki arupa crita kanthi wujud tembang macapat. Naskah kang dadi objek panliten iki ana 44 pupuh, lan saben pupuh anduweni pada kang beda-beda, ing antarane Puh

Asmaradana (31), Puh Dhandhanggêndhis/Puh Dhandhanggula (38), Puh Asmaradana (39), Puh Roning Kamal/Puh Sinom (32), Puh Jakalula/Puh Asmaradana (37), Puh Mahesa langit/Puh Kinanthi (43), Puh Maskumambang (56), Puh Dhandhanggêndhis/Puh Dhandhanggula (50), Puh Durma (53), Puh Sinom (33), Puh Pangkur (21), Puh Kinanthi (42), Puh Pucung (41), Puh Durma (35), Puh Kasmaran/Puh Asmaradana (42), Puh Maskumambang (40), Puh Paksadhandhang/Puh Dhandhanggula (17), Puh Roning Kamal/Puh Sinom (27), Puh Nyoda Kênaka/Puh Pangkur (26), Puh Sêlobokan/Puh Asmaradana (35), Puh Mijil Kedhaton/Puh Mijil (39), Puh Dhandhang Gêndhis/Puh Dhandhanggula (24), Puh Santêri Gudhikên/Puh Pangkur (26), Puh Durma (37), Puh Sinom (18), Puh Asmaradana (49), Puh Gula Dêrawa/Puh Puh Dhandhanggula, Puh Megatruh, Puh Gurisa (16), Puh Roning Kamal/Puh Sinom (20), Puh Kinanthi (18), Puh Mijil (25), Puh Kasmaran/Puh Asmaradana (37), Puh Pangkur (23), Puh Durma (39), Puh Sinom (8), Puh Durma (43), Puh Mijil Rangsang/Puh Mijil (16), Puh Kinanthi (7), Puh Sêlobokan/Puh Asmaradana (51), Puh Durma (54), Puh Roning Kamal/Puh Sinom (9), Puh Durma (22), Puh Kinanthi (25).

Isining Naskah

Naskah Jaka Seliwah iki nyritakake lelampahane paraga utama kang anduweni jeneng Jaka Seliwah anggone nggolek keadilan marang Allah. Paraga utama diwenehi jeneng Jaka Seliwah amarga warna rupane kang seliwah utawa ora padha, yaiku warna klawu lan sisihe maneh warna putih. Jaka Seliwah kang rupane sisih iku didohi lan diwedeni karo bocah akeh. Mula saka iku, Jaka Seliwah nglakoni lelampahan kanggo nggolek keadilan marang Allah.

Satengahing lelampahan, Jaka Seliwah pethuk karo wong kang anduweni jeneng Bondhan Paksa Jandhu. Bondhan Paksa Jandhu panggaweyane memaling, mateni wong lan ngutil. Bondhan paksa Jandhu kaget nalika pethukan karo Jaka Seliwah kang anduweni rupa sisih. Bondhan Paksa Jandhu meruhi yen Jaka Seliwah iku arep nggoleki Allah. Bondhan Paksa Jandhu nitip pitakonane kanggo Allah marang Jaka Seliwah. Pitakonane yaiku nalika dheweke mati bakal mlebu suwarga apa neraka, sarta sepira jembar lan jerune neraka iku.

Jaka Seliwah nerusake lelampahane maneh. Satengahing lelampahan, Jaka Seliwah pethuk karo wong kang lagi mertapa ana sandhuwuring watu. Pertapa iku anduweni jeneng Syekh Adi Mulya. Syekh Adi Mulya ngucap marang Jaka Seliwah yen dheweke iki dudu Allah. Sadurunge Jaka Seliwah nerusake lelampahane, Syekh Adi Mulya nitip pitakonane kanggo Allah marang Jaka Seliwah. Pitakonane yaiku nalika dheweke mati bakal mlebu suwarga apa neraka, sarta apa jeneng suwargane iku.

Jaka Seliwah nerusake lelampahane lan pethukan karo Pandhita. Pandhita iku kang nemokake dheweke karo Allah. Sawise Jaka

Seliwah ketemu karo Allah, rupane kang sisih asalin warna. Jaka Seliwah pamit marang pandhita iku, banjur muleh menyang negarane.

Satengahing lelampahane muleh menyang negarane, Jaka Seliwah pethukan maneh karo Bondhan Paksa Jandhu lan Syekh Adi Mulya. Jaka Seliwah bakal menehi jawaban saka pitakonane marang Allah. Bondhan Paksa Jandhu kang panggaweyane memaling, mateni, lan ngutil iku bakal mlebu suwarga. Syekh Adi Mulya kang saben dina manambah marang Allah iku bakal mlebu neraka. Sakabehe mau wus dadi karsaning Allah lan ora ana kang bisa ngowahi apa kang wus dadi karsaning Allah. Bondhan Paksa Jandhu lan Syekh Adi Mulya ngakoni sakabehe tumindak ala kang wus ditindakake lan tobat marang Allah.

Pungkasaning crita, Jaka Seliwah dadi mantune raja ing negara Sela Raja. Bondhan Paksa Jandhu dadi mantune raja ing negara Ngarimbi. Jaka Seliwah masrahake negara Sela Raja marang Bondhan Paksa Jandhu. Bondhan Paksa Jandhu dadi raja ing negara Sela Raja.

Suntingan Teks

Suntingan teks yaiku bageyan ilmu filologi kang digunakake kanggo nyepakake sawijining naskah utawa mansukrip, kang dianggep bisa makili edisi ilmiah teks (Purnomo, 2007:20). Suntingan ditindakake kanggo mbenerake kekliruwan nalika nulis utawa nyalin teks. Suntingan teks ing panliten Jaka Seliwah iki ngandharake lelandhesan suntingan teks, asiling suntingan teks, aparat kritik, lan komentar.

Aspek Religius Sajroning Naskah Jaka Seliwah

Adhedhasar andharan religius lan sinopsis naskah kang wus diandharake, mula aspek religius sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi telung wujud, yaiku akidah, syariah, lan akhlak. Akidah sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi telu, yaiku sipating Allah, ganjaran kang bakal ditrima, lan percaya marang Nabi lan Rasul. Syariah sajroning naskah Jaka Seliwah iki diperang dadi nem, yaiku nindakake shalat, nindakake rukun Islam, nindakake dzakat, ngadohi tumindak ala, mangun bale wisma, lan rasa welas asih. Akhlak sajroning naskah Jaka Seliwah diperang dadi lima, yaiku eling lan percaya marang Allah, narima karsaning Allah, narima ing pandum, sepi ing pamrih, lan ngabekti marang wong tuwa.

Akidah

Sipating Allah

Saben manungsa ora ana kang bisa mangerteni apa kang dadi kekarepan utawa karsaning Allah. Samubarang kang dikira becik dening manungsa, durung tamtu becik dening Allah. Sakabehe manungsa, mligine manungsa Jawa minangka kawulaning Gusti mung anglakoni apa kang dadi kekarepane Gustine. Allah kang luwih mangerteni apa kang diperlokake

dening manungsa, amarga Allah anduweni sipat kang ora diduweni dening manungsa.

Ganjaran kang Bakal Ditrima

Sakabehe tumindak kang ditindakake dening manungsa ing donya iki bakal tinarima ganjaran ing akherat. Tumindak becik bakal oleh ganjaran kang becik. Semono uga tumindak ala bakal oleh ganjaran kang ala. Ganjaran kang ditampa gumantung saka tumindak kang ditindakake dening manungsa *individu*. Masyarakat Jawa, mligine masyarakat Jawa kang nganut agama Islam percaya yen sakabehe tumindak kang ditindakake ing donya iki ora luput saka *pengawasane* Allah. Masyarakat Islam percaya yen ganjaran kang bakal ditampa iku ana maneka wujud, kayata suwarga lan neraka. Sajroning naskah Jaka Seliwah kang ngandharake ganjaran kapacak ing pupuh 2, yaiku:

“Pira jêmbare nêraka mami, lan jêrune nêraka sapira, pama takokêna têmebe, baksêlêk manira pêjah, ing dalu lawan siyang, nêraka aparani pun, puma aturna sawêkca”. (Puh 2:38)

Saben manungsa kang anduweni agama tamtu percaya anane suwarga lan neraka. Suwarga yaiku ngalam akherat, panggon panglumpuke roh-roh kang nindakake tumindak becik nalika isih urip ing ngalam donya. Neraka yaiku ngalam akherat, panggon paukuman roh-roh kang nindakake tumindak ala nalika isih urip ing ngalam donya. Miturut agama Islam, suwarga lan negara diperang dadi pirang-pirang jinis.

Percaya Marang Nabi lan Rasul

Nabi lan Rasul yaiku manungsa pilihan Allah kang diwenehi wahyu. Wahyu kasebut minangka petunjuk tumrap manungsa anggone urip ing ngalam donya. Rasul anduweni tugas kanggo nyampekake wahyu kasebut marang manungsa. Percaya marang Nabi lan Rasul mujudake rukun Islam kang kaloro. Saben manungsa, mligine manungsa kang nganut agama Islam diwajibake percaya yen Allah marentahake rasul-rasul supaya nyampekake wahyu kang ditampa marang manungsa.

Syariah

Nindakake Shalat

Shalat mujudake salah sawijining cara manungsa Jawa, mligine masyarakat Jawa kang nganut agama Islam anggone manambah marang Allah. Shalat yaiku manambah marang Allah miturut sarat-sarat kang wus ditemtokake. Shalat mujudake salah sawijining kewajiban kanggo manungsa kang nganut agama Islam. Shalat minangka baktine manungsa marang kang agawe urip, yaiku Allah. Sajroning naskah Jaka Seliwah, parintah shalat diandharake kanthi cetha, kaya ing cuplikan iki:

“Nanging siji wêkas ingwang, puma kaki aja atinggal wajib, marganira katêmu, marang kang sira sêdaya, ing wong shalat minangka baktinya, lakune wong ahlul tohid”. (Puh 10:12)

Sakabehe manungsa kang nganut agama Islam, anduweni jisim lan nyawa, anduweni iman, wus

baligh lan anduweni ngakal diwajibake nindakake shalat. Manungsa kang ora diwajibake shalat yaiku wong kapir lan ora anduweni ngakal utawa biyasa diarani wong edan. Wajib tegese kudu ditindakake, mula shalat kanggone wong Islam kudu ditindakake. Sapa wae kang ora nindakake shalat bakal oleh ganjaran saka Allah. Nindakake shalat mujudake salah sawijining laku religius kang dilakoni dening manungsa minangka kawulaning Gusti.

Nindakake Rukun Islam

Rukun anduweni teges dhasar, pokok utawa kang utama. Rukun Islam yaiku dhasar-dhasar ajaran Islam. Rukun Islam iki kang dadi *pedoman* kanggo wong Islam anggone ngibadah marang Allah. Rukun Islam ana lima, yaiku syahadat, shalat, puwasa, dzakat lan khaji.

Rukun Islam kang kapisan yaiku syahadat. Syahadat yaiku ngakoni yen ora ana Gusti kang kudu disembah, kajaba Allah lan Muhammad iku utusane Allah. Rukun Islam kang kapindho yaiku shalat. Shalat yaiku manambah marang Allah miturut sarat-sarat kang wus ditemtokake. Shalat kang wajib ditindakake iku ana limang wektu, ing antarane shalat subuh, dhuhur, ashar, maghrib lan isya. Rukun Islam kang katelu, yaiku dzakat. Dzakat yaiku bandha kang wajib disumbangake marang golongan kang anduweni hak nampa. Dzakat diperang dadi loro, ing antarane dzakat fitrah lan dzakat mal. Dzakat fitrah yaiku dzakat kang wajib diwenehake dening wong Islam setaun sepisan utawa nalika idul fitri. Dzakat mal yaiku dzakat kang wajib diwenehake amarga anduweni bandha kang linuwih. Rukun Islam kang kapapat, yaiku puwasa ramadlon. Puwasa yaiku ora mangan lan ora ngombe ing wayah fajar nganti surup. Rukun Islam kang pungkasan yaiku khaji. Khaji yaiku ngibadah menyang Mekah ing sasi Besar.

Nindakake Dzakat

Nindakake dzakat mujudake salah sawijining cara manungsa anggone manambah marang Allah lan kalebu rukun Islam kang katelu. Dzakat yaiku bandha kang wajib disumbangake marang golongan kang anduweni hak nampa. Dzakat diperang dadi loro, ing antarane dzakat fitrah lan dzakat mal. Dzakat fitrah yaiku dzakat kang wajib diwenehake dening wong Islam setaun sepisan utawa nalika idul fitri. Dzakat mal yaiku dzakat kang wajib diwenehake amarga anduweni bandha kang linuwih.

Ngadohi Tumindak Ala

Tumindak ala mujudake tumindak kang ora ditresnani dening Allah. Manungsa kang anduweni iman bakal ngadohi tumindak ala. Tumindak ala bisa ngrusak imane manungsa marang Allah. Ana maneka macem tumindak ala iku, ing antarane anduweni pamikiran ala marang Allah, lan memaling.

Manungsa kang anduweni pamikiran ala marang Allah mujudake manungsa kang ora bisa narima karsaning Allah. Sakabehe kedadeyan ing uripe bakal dadi ala sajroning pamikirane. Pamikiran

ala ndadekake manungsa ora percaya marang kodrate Allah.

Mangun Bale Wisma

Manungsa diripta dening Allah kanthi rong jinis, yaiku lanang lan wadon supaya bisa mangun bale wisma. Bale wisma kang tintrim yaiku bale wisma kang tansah setya marang janji suci saka kaloro pasangan kanthi dhasar tuntunan agama. Bale wisma minangka pusat pangrembakane nilai-nilai kamanungsan. Bale wisma bisa dadi sarana anggone golek kasampurnan. Kasampurnan iku bisa dipikolehi kanthi cara tansah ngupaya nindakake urip ing ngalam donya iki kang cundhuk karo syariah agama. Sajroning naskah Jaka Seliwah kang ngandharake bale wisma kapacak ing pupuh 30, yaiku:

“Lan raden adi kusuma, sampun sumudhiya ing ngarsi, kimudin najad neng wuntat, lan gusti tan kêna têbih, lêlangkung wêdi asih, kibondhan lan raja sunu, sang pêrabu sela raja, kipangulu den pasêrahi, lahta nêdha nikahêna raden jaka”. (Puh 30:12)

Cuplikan kasebut nyritakake Jaka Seliwah kang nenikah karo putri Sela Raja. Jaka Seliwah bakale mangun bale wisma karo putri Sela Raja ing negara Sela Raja. Mangun bale wisma minangka kuwajiban tumrap manungsa kang wus baligh lan kang wus siyap lair lan batin. Mangun bale wisma minangka syariah kang dianjurake agama Islam supaya ditindakake dening manungsa ing ngalam donya iki.

Rasa Welas Asih

Welas asih yaiku rasa mesakake marang liyan. Manungsa kang anduweni rasa welas asih marang liyan mujudake manungsa kang bebuden luhur. Manungsa kang bebuden luhur ditersnani dening Allah. Rasa welas asih orang mung diduweni dening manungsa, nanging uga diduweni dening Allah. Rasa welas asih Allah ditujokake kanggo manungsa kang tansah welas marang liyan. Sajroning naskah Jaka Seliwah kang ngandharake rasa welas asih kapacak ing pupuh 32, yaiku:

“Raja istighna nahuri, inggih sampun tuwan maras, dede paduka musuhe, juritipun manumbawa, inggih kawula binjang, sang nata ingkang anjaluk, ing nêgari jêngandika”. (Puh 32:32)

Cuplikan kasebut ngandharake rasa welas asih marang wong liya. Melu ngrasakake lan menehi pitulungan marang wong kang kasusahan mujudake tumindak kang bebuden luhur. Rasa welas asih iku ora mung ngrasa prihatin marang kasusahane wong liya, nanging dibarengi karo tumindak kang arupa menehi pitulungan. Manungsa kang anduweni rasa welas asih kalebu manungsa kang ditresnani dening Allah. Manungsa kang ditresnani dening Allah bakal dadi manungsa kang sampurna lan slamet donya lan akherat.

Akhlak

Eling lan Percaya Marang Allah

Sakabehe manungsa tamtu wae anduweni pepengenen supaya bisa urip slamet lan tentrem ing

ngalam donya iki. Eling lan percaya marang Allah mujudake salah sawijining kakuwatan jiwa supaya bisa urip slamet lan tentrem. Jiwa kang tentrem yaiku jiwa kang tansah eling lan percaya marang Allah. Sakabehe manungsa bakal oleh kabecikan lan kabegjan ing ngalam donya lan akherat kanthi cara eling lan percaya marang Allah. Sajroning naskah Jaka Seliwah kang ngandharake tansah eling lan percaya marang Allah kapacak ing pupuh 36, yaiku:

“Bondhan paksa umatur dhatêng rahadêyan, dhuu gusti kados pundi, rahaden awot sêkar, paman bondhan paksa, tobata marang yêwang widi, sahingga pun paman, pasêraha ing yuwang widi”. (Puh 36:4)

Cuplikan kasebut ngandharake salah sawijining cara supaya manungsa tansah eling lan percaya marang Allah. Carane yaiku tobat lan masrahake sakabehe marang Allah. Andharan saka cuplikan naskah Jaka Seliwah kasebut, cundhuk karo andharan saka buku kang diripta dening Hadiwijono kang ngandharake yen manungsa iku diripta dening Allah, mula saka iku manungsa wajib eling lan percaya marang Allah. Allah iku ora ana ing ndhuwur utawa ngisor, nanging Allah iku ana ing jero atine saben manungsa kang wujud arupa kapercayan.

Narima Karsaning Allah

Sakabehe kang ana ing ngalam donya iki diripta dening Allah. Manungsa, kewan, lan tetuwuhan mujudake salah sawijining makhluk reriptaning Allah. Sakabehe isining ngalam donya iki karipta miturut karsaning Allah. Ora ana kang bisa nandhingi kekuwatane. Apa kang dadi karsaning Allah, masiya iku ala, becik, sugih utawa mlarat bakal kaleksanan. Manungsa kudu bisa narima apa kang dadi karsaning Allah. Sajroning naskah Jaka Seliwah kang ngandharake narima karsaning Allah kapacak ing pupuh 1, yaiku:

“Ingkang ingyang angandika aris, basa pangeran, iya ayum allah, kang akarya sira raden ya pangeran ingkang agung, kang akarya bumi langit, lan kahisine pisan ...”. (Puh 1:5)

Cuplikan kasebut ngandharake yen manungsa, jagad, lan langit sahisine iki diripta kanthi karsaning Allah. Sakabehe kang wus dadi karsaning Allah bakal kaleksanan. Ora ana kang bisa ngalang-ngalangi, arepa iku ala utawa becik bakal kaleksanan. manungsa mung bisa nglakoni apa kang wus dadi karsaning Allah.

Narima ing Pandum

Narima ing pandum yaiku nampa sakabehe kang wus diwenehne Allah. Narima ing pandum ora mung narima kang diwenehne, nanging dibarengi karo upaya lan percaya marang Allah. Manungsa ing ngalam donya iki mung bisa ngupayakake apa kang dadi kekarepane, lan masrahake sakabehe upaya kang wus ditindakake marang Allah. Allah kang bakal nemtokake sakabehe kang diupayakake kasebut kaleksanan utawa ora kaleksanan. Allah kang luwih mangerteni apa kang becik kanggo manungsa. Mula saka iku, manungsa kudu anduweni

sipat narima ing pandum supaya atine tansah tentrem.

Sepi ing Pamrih

Sepi ing pamrih yaiku menahi tanpa njaluk piwales. Sepi ing pamrih tuwuh ana ing jero atine manungsa amarga anane rasa welas asih. Sepi ing pamrih ditindakake manungsa adhedhasar rasa welas asihe marang liyan. Manungsa kang anduweni sipat sepi ing pamrih bakal nindakake sakabehe kanthi ati kang lila. Miturut masyarakat Jawa, mligine masyarakat kang nganut agama Islam sepi ing pamrih mujudake sakabehe tumindak kang ditindakake mung kanggo Allah. Sepi ing pamrih kanggone masyarakat Jawa bisa kanggo piwulangan anak putune supaya apa kang ditindakake ora ngarep-arep piwales saka liyan. Sajroning naskah *Jaka Seliwah* kang ngandharake sipat sepi ing pamrih kapacak ing perangan bebukaning naskah, yaiku:

“Syekh akbar sampun ngudani, yin ana putêra binucal, ngandika dhatêng cantêrike, lah payu mênyang mêring wana, ingsun wus oleh sasmita, pinundhuta dening sang weku, shekh wali akbar ing jumlah. (Pupuh 1:9)

Cuplikan kasebut ngandharake sipat sepi ing pamrih kang diduweni Syekh Akbar kang wus ngopeni *Jaka Seliwah* nganti gedhe lan diwasa. Sakabehe mau ditindakake dening Syekh Akbar amarga rasa welase marang *Jaka Seliwah* kang dibuwang dening ratu negara Purwakandha. Syekh Akbar ngopeni *Jaka Seliwah* kanthi rasa lila, tanpa ngarep-arep piwales saka *Jaka Seliwah*.

Ngabekti Marang Wong Tuwa

Surat Al-Isra ayat 23, Allah wus marentahake supaya manungsa tansah ngibadah mung marang Allah lan tansah ngabekti marang wong tuwa. Wong tuwa yaiku wong kang wus nglairake lan ngramut kita nganti saiki. Ngabekti marang wong tuwa mujudake amalan kang ora tinandhing. Ngabekti marang wong tuwa bisa ditindakake kanthi maneka cara. Ngabekti marang wong tuwa kang ditindakake kanthi lair, kayata nurut marang sakabehe kang diparentahake, nggawe bungah atine wong tuwa lan micara kanthi sopan marang wong tuwa. Sajroning naskah *Jaka Seliwah* kang ngandharake ngabekti marang wong tuwa kapacak ing pupuh 15, yaiku:

“Ature rahaden mantêri, yin wawêlinge pun ingyang, ing purwakandha sang katong, jajuluk raja istigna, inggih punika pun bapa, ketagat jêngêr sanga pêrabu, miyarsa aturing putêra”. (Puh 15:32)

Cuplikan kasebut nyritakake baktine *Jaka Seliwah* marang wong tuwane. *Jaka Seliwah* kang wus dibuwang karo wong tuwane ana ing alas gedhe tansah gelem nggoleki lan ngakoni wong tuwane. Sakabehe iku mau minangka wujud baktine marang wong tuwane. Ngabekti marang wong tuwa mujudake akhlak kang becik lan akhlak kang ditresnani dening Allah. Ngabekti marang wong tuwa bisa nuntun manungsa mlebu suwargane Allah.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar irah-irahane, analisis ditindakake kanthi ngandharake *aspek* religius sajroning naskah *Jaka Seliwah*. Ora mung *aspek* religius sajroning naskah wae, nanging ana dheskripsi naskah lan suntingan teks. Sakabehe bab mau bisa dianalisis kanthi tintingan filologi, yaiku ilmu kang objek panlitene arupa naskah-naskah lan teks-teks lawas utawa kuna.

Analisis kang ditindakake nggunakake objek panliten arupa naskah lawas kanthi irah-irahan *Jaka Seliwah*. Irah-irahaning naskah iki asale saka jeneng paraga utama yaiku *Jaka Seliwah*. Naskah *Jaka Seliwah* iki mujudake crita salah sawijining paraga utama anggane nggolek keadilan marang kang agawe urip, yaiku Gusti Allah. *Jaka Seliwah* ora narima marang karsaning Allah amarga rupane kang digawe seliwah utawa sisih. *Jaka Seliwah* anduweni warna rupa sisih, yaiku warna klawu lan sisihe maneh warna putih. Mula saka iku, paraga utama diwenahi jeneng *Jaka Seliwah*. *Jaka Seliwah* asale saka tembung *Jaka* kang tegese bocah lanang, lan *Seliwah* kang tegese sisih.

Analisis dheskripsi naskah *Jaka Seliwah* iki ditindakake kanthi cara ngandharake wujud fisike naskah lan isining naskah *Jaka Seliwah*. Dheskripsi fisike naskah *Jaka Seliwah* arupa irah-irahaning naskah, panulis lan wektu panulisan naskah, ukuran lan cacah kaca, kahanan fisike naskah, jinis tulisan naskah, basane naskah lan wujud naskah. Sakabehe kang ana gegayutane karo naskah dianalisis kanthi cetha lan jangkep. Analisis kang ditindakake ora mung dheskripsi fisike naskah, nanging ana dheskripsi isining naskah. Sakabehe isining naskah diandharake kanthi ringkes supaya pamaca bisa luwih mangerteni apa kang ditulis dening panulis sajroning naskah *Jaka Seliwah* iki.

Analisis suntingan teks ditindakake kanggo mbenerake kekliruwan nalika nulis utawa nyalin teks. Suntingan teks ditindakake adhedhasar peranganing pupuh sajroning naskah *Jaka Seliwah* iki. Naskah *Jaka Seliwah* iki ana 44 pupuh, lan saben pupuh anduweni pada kang beda-beda. Analisis suntingan teks kang ditindakake mung nggunakake limang pupuh, amarga wus dianggep bisa makili tetembungan kang ana ing pupuh-pupuh liyane. Tetembungan kang dianggep kliru, banjur dibenerake ana ing aparat kritik. Aparat kritik gunane kanggo mbenerake kekliruwan tumrap teks sajroning naskah *Jaka Seliwah*. Sawise dibenerake ana ing aparat kritik, banjur diwenahi komentar. Komentar mujudake sakabehe andharan kang *argumentatif* saka aparat kritik.

Saliyane analisis dheskripsi lan suntingan teks kang wus diandharake mau, analisis *aspek* religius sajroning naskah *Jaka Seliwah* uga ditindakake kanthi merang dadi pirang-pirang sub bab. *Aspek* religius sajroning naskah *Jaka Seliwah* diperang dadi telung wujud, yaiku akidah, syariah, lan akhlak. Telung wujud kasebut diperang maneh dadi pirang-

pirang sub bab. Saben sub bab ngandharake sakabehe kang kudu ditindakake dening manungsa minangka manungsa kang religius. *Aspek* religius kang dianalisis anduweni fungsi tumrap pamaca, yaiku bisa dadi pedoman tumrap pamaca anggone luwih mangerteni tumindak religius lan bisa ngetrapake ana ing urip saben dina.

Pamrayoga

Analisis kang ditindakake iki ngrembug babagan laku religius sajroning naskah Jaka Seliwah. Analisis kang ditindakake nggunakake objek panliten arupa naskah lawas. Naskah lawas minangka *karya* jaman biyen kang menehi *informasi* ngenani sejarah jaman biyen. Analisis naskah lawas iki bisa menehi piguna tumrap pamaca. Piguna tumrap pamaca, yaiku naskah lawas iki migunani kanggo piwulangan watak lan prayoga banget kanggo piwulangan anak putu. Naskah lawas iki uga bisa menehi kawruh ngenani kedadeyan kang ana ing jaman biyen marang pamaca. Saliyane iku, analisis naskah lawas iki bisa nuwuhake pamikiran pamaca ngenani kepriye carane supaya naskah minangka asiling kabudayan jaman biyen aja nganti rusak utawa ilang.

Panliten iki pancen isih durung sampurna, isih akeh kekliruwan-kekliruwan kang disengaja utawa ora disengaja. Mula saka iku, dikarepake panliten sabanjure bisa luwih sampurna saka panliten iki. Panliten iki dikarepake bisa menehi pengaruh tumrap panliten sabanjure kang anduweni objek panliten kang meh padha. Dikarepake panliten iki bisa menehi piguna tumrap panliten sabanjure supaya bisa ngrembakake panliten iki kanthi luwih sampurna.

DAFTAR PUSTAKA

Azra, Azyumardi dkk. 2002. *Buku Teks Pendidikan Agama Islam pada Perguruan Tinggi Umum*. Depag RI.

Ahmad S Rumi, *Reorientasi Nilai Religius dalam Karya Sastra*, (<http://www.balipost.co.id>, 2002) tanggal 30 Juli 2013.

Atmosuwito, Subijantoro. 1989. *Perihal sastra dan Religius dalam Sastra*. Jakarta: Sinar Harapan.

Baried, Baroroh dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: BPPF UGM.

Basir, Udjang Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik: Pengantar Kajian Tindak Tutur Berbahasa*. Surabaya: CV Bintang.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widayatama.

Hadiwijono, Harun. _____. *Kebatinan Islam Abad XVI*. Jakarta: BPK Gunung Mulia.

Hamidin, dkk. 2005. *Pendidikan Agama Islam Untuk Perguruan Tinggi*. Padang: Angkasa Raya.

Herawati, Vivin Novalina. 2010. *Suntingan Teks lan Piwulang Moral ing Sajrone Naskah Serat*

Wulang Sunu Versi Pacitan. *Skripsi* tidak diterbitkan. Surabaya: Unesa.

Koentjaraningrat. 2000. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Magnis, Franz dan Suseno. 2003. *Etika Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Mangunwijaya, Y.B. 1982. *Sastra dan Religiusitas*. Jakarta: Sinar Harapan.

Moleong, Lexy J. 2012. *Metodologi Penelitian Kualitatif (Edisi Revisi)*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Mufid, Ahmad Syafi'i. 2006. *Tangklukan, Abangan, dan Tarekat: Kebangkitan Agama di Jawa*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Muzayanah, Siti Hidayatul. 2011. *Piwulang Agama ing Sajrone Naskah Kitab Tauhid. Skripsi* tidak diterbitkan. Surabaya: JPBD FBS Unesa.

Palmer, Richard E. 2005. *Hermeneutika (Teori Baru Mengenal Interpretasi) Cetakan Kedua*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Privitasari, Handika. 2007. *Aspek Didaktis dalam Syi'ir Para Sesepeuh Karya Zubairi. Skripsi* tidak diterbitkan. Surabaya: JPBD FBS Unesa.

Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.

_____. 2011. *Kesastran Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.

_____. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama (Edisi Revisi)*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

_____. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Robson, S.O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL.

Santosa, Iman Budhi. 2012. *Spiritualisme Jawa (Sejarah, Laku, dan Intisari Ajaran)*. Yogyakarta: Memayu Publishing.

Saputra, Karsono H. 1997. *Tradisi Tulis Nusantara (Kumpulan Makalah Simposium Tradisi Tulis Indonesia 4-6 Juni 1996)*. _____. Masyarakat Pernaskahan Nusantara.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa (Rekonstruksi Normatif-Idealistis)*. Yogyakarta: Aditya Media Publishing.

Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.

Siswanto. 2010. *Metode Penelitian Sastra (Analisis Struktur Puisi)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.

Sudarmanto. 2008. *Kamus Lengkap Basa Jawa*. Semarang: Widya Karya.

Sudaryanto, dkk. 2001. Kamus Pepak Basa Jawa.
Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres
Bahasa Jawa.
Suryani NS, Elis. 2012. Filologi. Bogor: Ghalia
Indonesia.

